

Щӏыгулъ - ерыскъылъэ

2-нэ нап.



Псори зэлъытар цӏыхурщ

3-нэ нап.



Лъэпкъ хъугъуэфӏыгъуэр щызэхуэхьэса унэ

4-нэ нап.



СурэтыщӀ цӀэрыӀуэм и тыгъэхэр

4-нэ нап.


ФИФӀ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ӀЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКӀУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКӀ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№146 (24.740) ● 2024 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 5, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокӀ ● И уасэр зы тумэнщ






# Ныбжьыщӏэхэм я къэкӏуэнум теухуауэ

**КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек яхуэзащ «ЛӀыхъужьхэм я щӀэблэ» Ӏуэхум хэта ныбжьыщӀэхэм. Абыхэм республикэ УнафэщӀым зыкъыпащӀауэ щытащ «эфир занщӀэр» щригъэкӀуэкӀам икӀи къелъэӀуат зэхуэзэу зэдэуэршэрыну.**

ЗЭӀУЩӀЭМ и пэщӀэдзэм КӀуэкӀуэм яжриӀащ: «ЛӀыхъужьхэм я щӀэблэ» проектыр зигу къэкӀар Урысейм и Президент Путин Владимирщ. Абы къыхигъэщащ ди къэралым и къэкӀуэнур зэрелъытар нобэ я лӀыгъи, хахуагъи, гъащӀи щымысхьу къэралым къулыкъу хуэзыщӀэхэм. Зи нэхъыжьыр, адэр дзэ Ӏуэху хэхам щыӀэ, хабзэхъумэ ӀэнатӀэм пэрыт унагъуэм щӀэблэ узыншэщ къихъуэнур. Ахэр сытым дежи хьэзырынущ Хэкум, ныбжьэгъум, жылагъуэм къыхуэсэбэпыну. Мы проектым ныбжьыщӀэ 900 къызэщӀеубыдэри, я гъащӀэр адэкӀэ зэраубзыхунум егупсысакӀэщ. Нэхъ пасэу ар зэбгъэзэхуэху, нэхъыфӀым ухуишэну аращ. Дэ сыт и лъэныкъуэкӀи зыфщӀэдгъэкъуэну дыхьэзырщ».

Фигу къэдгъэкӀыжынщи, «ЛӀыхъужьхэм я щӀэблэ» проектыр къыщӀыхалъхьар дзэ Ӏуэху хэхам щыӀэхэмрэ абы и ветеранхэмрэ я бынхэм ӀэщӀагъэ къыхахыу, гъащӀэм лъэ быдэкӀэ хэувэнымкӀэ къэралыр сэбэп яхуэхъун папщӀэщ. Мы гъэм мы лэжьыгъэр щокӀуэкӀ Урысейм и хэгъэгу 21-м. ЕтӀанэгъэ щыщӀэдзауэ Пэрытхэм я зэгухьэныгъэр нэхъыбэу зэлэжьыну Ӏуэхухэм ящыщ зыуэ щытынущ. Ди республикэм зи гугъу тщӀым щолэжь КъБР-м ЩӀалэгъуалэм я ӀуэхухэмкӀэ и министерствэр, «Росмолодежь»-р, Пэрытхэм я зэгухьэныгъэр.

НыбжьыщӀэхэр зэпсэлъащ, дзэзыхьэххэм, ехъулӀэныгъэхэм, мурадхэм теухуауэ. Къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр здрагъэкӀуэкӀым, абыхэм къащӀащ лъэпкъым щыщ лӀыхъужьхэм, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, Лэжьыгъэм и ЛӀыхъужьхэм, егъэджакӀуэ, дохутыр, спортсмен, щэнхабзэм и лэжьакӀуэ цӀэрыӀуэхэм я хъыбар куэд.

КъызыхуигъэщӀа, нэхъ дэзыхьэх ӀэщӀагъэр зыхуэдэр къащӀэн папщӀэ, ӀэщӀагъэлӀхэр ядэлэжьащ школакӀуэхэм.

Ахэр ӀуэхущӀапӀэ зэмылӀэужьыгъуэхэм щыӀащ, абыхэм я унафэщӀхэм епсэлъащ. Сабийхэм къахуэзащ КъБР-м и прокурор **Хабаров Николай**, УФ-м и Президентым и Полномочнэ лӀыкӀуэу Ипщэ Федеральнэ щӀыналъэм щыӀэм и дэӀэпыкъуэгъу **Валиев Айдамир**, КъБР-м и Ӏэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Миронов Николай**, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкӀэ и министр **Рахаев Борис**, УФ-м и Минюстым и къудамэу КъБР-м щыӀэм и унафэщӀ **Кужонов Жантемыр**, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щӀэныгъэмкӀэ и министр **Езауэ Анзор**, ЩӀалэгъуалэм я ӀуэхухэмкӀэ и министр **Лу Азэмэт**, узыншагъэр хъумэнымкӀэ министр **Къалэбатэ Рустам**, бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкӀэ, зэпыщӀэныгъэмрэ хъыбарегъащӀэ ӀэнатӀэхэмкӀэ министр **Бозий Аскэр**, «Хэкум и хъумакӀуэхэр» къэрал фондым ди щӀыналъэм щиӀэ къудамэм и унафэщӀ **Дадэ МуӀэед**, КъБР-м и Налшык щӀыпӀэ дзэ судым и унафэщӀ **Мэлбахъуэ Ахьмэд**, Федеральнэ антимонопольнэ къулыкъущӀапӀэм и къудамэу КъБР-м щыӀэм и Ӏэтащхьэ **Къумахуэ Аннэ**, КъБР-м и Нотариальнэ палатэм и президент **Хьэкъул Майе**, КъБР-м щӀыналъэ Ӏуэхухэр зэфӀэхынымкӀэ и центрым и унафэщӀ **КӀэдыкӀуей Мадинэ**, Урысейм и юристхэм я зэгухьэныгъэм хэт **КӀуэкӀуэ Дианэ**, Пэрытхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Шыпш Аслъэн**, дизайнер цӀэрыӀуэ **Сэралъп Мадинэ** сымэ.

КъБР-м и Ӏэтащхьэм фӀыщӀэ яхуищӀащ гъэсакӀуэ пэлъытэу, чэнджэщэгъуу ныбжьыщӀэхэм къадэлэжьа дэтхэнэ зыми.

«ЛӀыхъужьхэм я щӀэблэ» зэӀущӀэм хэтахэм щыӀэкӀэ-псэукӀэр езыгъэфӀэкӀуэн мурад гъэщӀэгъуэнхэр утыку къырахьащ, ахэр гъащӀэм хэпща зэрыхъунум и хэкӀыпӀэхэр къагъэлъэгъуащ. КӀуэкӀуэр а псоми едэӀуа нэужь, ныбжьыщӀэхэм я упщӀэхэм жэуап яритащ икӀи ехъулӀэныгъэхэр яӀэну ехъуэхъуащ. Ӏэтащхьэм къыхигъэбелджылыкӀащ сабийхэм я жэрдэмхэр сыт щыгъуи къэралым, республикэм зэрадиӀыгъынур.

КӀуэкӀуэ Казбек школакӀуэхэм яхуэза нэужь жиӀащ абыхэм зэрепсэлъар хуабжьу игу зэрыдыхьар, нэгъуэщӀ Ӏуэхугъуэ куэдым зэрыригъэгупсысар. Апхуэдэуи дыщӀигъуащ етӀанэгъэ гъатхэм адрей хэгъэгухэм мыбы ещхьу щагъэзащӀэ Ӏуэхум хэт щӀалэгъуалэр ди республикэм кърагъэблагъэу Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекӀуэныгъэр илъэс 80 зэрырикъум иращӀэкӀыну дауэдапщэхэм хагъэтыныр игъуэу къызэрилъытэр. Ӏэтащхьэм и жэрдэмыр ягу ирихьащ ныбжьыщӀэхэм. Абы иужь ихьэнущ КъБР-м ЩӀалэгъуалэ ӀуэхухэмкӀэ и министерствэр.

КъБР-м и Ӏэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-ӀуэхущӀапӀэхэм къызэратамкӀэ

# МурадыфӀ зимыӀэхэм япэщӀэтщ

**КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек Наркотикхэм япэщӀэтынымкӀэ комиссэм и зэӀущӀэ иригъэкӀуэкӀащ.**

АБЫ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщӀ **Егоровэ Татьянэ**, Правительствэм и УнафэщӀ **Мусуков Алий**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лӀыкӀуэу КИФЩӀ-м щыӀэм и аппаратым КъБР-м щиӀэ къудамэм и инспектор нэхъыщхьэ **Васильченкэ Дмитрий**, гъэзэщӀакӀуэ, къэрал, муниципальнэ ӀуэхущӀапӀэхэм, кӀэлъыплъакӀуэ, хабзэхъумэ, дзэ къулыкъущӀапӀэхэм я унафэщӀхэр.

Комиссэм и пащхьэм къыщыпсэлъащ къэрал кӀуэцӀ ӀуэхухэмкӀэ министру КъБР-м щыӀэ **Крючков Вячеслав**. Ар тепсэлъыхьащ республикэм хамэ къэралхэм къикӀыу къакӀуэхэм наркотик ящэн я мурадыр къызэпаудын папщӀэ ирагъэкӀуэкӀ лэжьыгъэм.

КъинэмыщӀауэ, и гугъу ящӀащ цӀыхубэр наркотикхэм щыхъума хъун папщӀэ ирагъэкӀуэкӀ «Маяк-2024» программэм къигъэув къалэнхэр районхэмрэ къалэхэмрэ зэрыщызэфӀахым.

Иужьрей Ӏуэхум теухуауэ къэпсэлъахэщ КъБР-м и Ӏэтащхьэм и Администрацэм шынагъуэншагъэмрэ хабзэм тетынымкӀэ и управленэм и унафэщӀ **Шевченкэ Юрий**, Прохладнэ, Ӏуащхьэмахуэ районхэм я администрацэхэм я унафэщӀым и къалэныр пӀалъэкӀэ зыгъэзащӀэ **Журавлёв Андрейрэ Отаров Мухътаррэ**, Бахъсэн щӀыпӀэ администрацэм и унафэщӀ Балъкъыз Артур.

Зытепсэлъыхьа Ӏуэхугъуэхэм епха унафэ пыухыкӀахэр къащтащ зэӀущӀэм и кӀэм.

# Узыншагъэм хуащӀ гулъытэм хохъуэ

**КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек лэжьыгъэ ӀуэхукӀэ хуэзащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкӀэ и министр Къалэбатэ Рустам. ЗэӀущӀэр теухуауэ щытащ Москва щызэхэта, УФ-м и Правительствэм и УнафэщӀым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ иригъэкӀуэкӀа «Къэралыр узыншагъэм зэрыкӀэлъыплъыр: нобэрэ пщэдейрэ» семинарым зи гугъу щащӀа Ӏуэхухэм.**

ЗЭӀУЩӀЭМ къыщыхагъэщащ 2025 гъэм ирагъэжьэну «ГъащӀэ кӀыхь икӀи жыджэр», «Узыншагъэр зэрыхъумапхъэ ӀэмалыщӀэхэр», «Унагъуэ» лъэпкъ проектхэм хэту щӀыналъэм щыпсэухэм узыншэу илъэс куэд къагъэщӀыным хуэгъэпсауэ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкӀуэкӀыпхъэр.

ГъащӀэм и кӀыхьагъым хэгъэхъуэныр нэхъыбэу зэлъытар цӀыхухэр я узыншагъэм зэрыкӀэлъыплъыжырщ. «Дэтхэнэри узыншэн папщӀэ» федеральнэ проектымкӀэ балигъхэм узыншагъэ центрхэр къыщыхузэӀуахынущ Бахъсэн, Ӏуащхьэмахуэ район сымаджэщхэм.

Узыншагъэм тэмэму кӀэлъыплъыныр епхащ цӀыхухэм хуащӀэ медицинэ Ӏуэхутхьэбзэм и фӀагъыр къызэрызэгъэпэщами. Абы и лъэныкъуэкӀэ медицинэ ӀуэхущӀапӀэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр гъэбыдэным къыпащэнущ, абыхэм я лэжьыгъэр адэкӀи зэрырагъэфӀэкӀуэным иужь итынущ.

Медицинэ ӀуэхущӀапӀэ 40 яухуэну, 36-рэ зэрагъэпэщыжыну, район сымаджэщу 4-м корпус щхьэхуэхэр къыпащӀыхьыжыну, санитар автотранспорту 132-рэ, мобильнэ комплексу 21-рэ, Ӏэмэпсымэу 297-рэ къащэхуну я мурадщ. Апхуэдэу поликлиникэ къудамэу 7 зыхуэныкъуэ ӀэмэпсымэхэмкӀэ къызэрагъэпэщынущ.

Гулъытэ нэхъыбэ хуащӀынущ сабийхэмрэ цӀыхубзхэмрэ я узыншагъэм, дунейм къытехьэ цӀыкӀухэм я бжыгъэм хэгъэхъуэным, къытщӀэхъуэ щӀэблэм я узыншагъэр хъумэным. А Ӏуэхухэм къагъэув къудамэ щхьэхуэхэм я лэжьыгъэм зегъэубгъуныр, зыхуэныкъуэ медицинэ ӀэмэпсымэхэмкӀэ къызэгъэпэщыныр.

Жыджэру зрагъэужьынущ медицинэ реабилитацэми. Апхуэдэу амбулаторэ реабилитацэр щрагъэкӀуэкӀ къудамэу 16, а унэтӀыныгъэмкӀэ махуэ стационару 4 къызэӀуахыну я мурадщ.

КъищынэмыщӀауэ, сымаджэхэр япэу зрашалӀэ модуль къудамэу 3 къызэрагъэпэщынущ, «ДэӀэпыкъуэгъу псынщӀэм» и къудамэ щхьэхуи къызэӀуахынущ.



# ЛъэӀу псоми пэджэжащ

**КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек яӀущӀащ «Урысей зэкъуэт» партым и цӀыхубэ штабым я щхьэ ӀуэхукӀэ екӀуэлӀа цӀыхухэм.**

УЗЫНШАГЪЭ и лъэныкъуэкӀэ сэкъатышхуэ зиӀэ сабий зэрыс унагъуэхэм, зи псэупӀэр нэхъ ин зыщӀыпхъэхэм, дзэ Ӏуэху хэхам хэту зи унэм гъуэз хьэку щӀезыгъэшэну хуейм къабгъэдэкӀ лъэӀухэмкӀэ зыхуагъэзащ республикэм и Ӏэтащхьэм.

КъинэмыщӀауэ, КӀуэкӀуэ Казбек лъэӀу тхылъ хуагъэхьащ Налшык дэт школ №27-м узэрыкӀуэ гъуэгу Ӏуфэм уэздыгъэхэр щагъэувын папщӀэ.

Дэтхэнэ зы Ӏуэхугъуэм теухуауи Ӏэтащхьэм унафэ пыухыкӀа ищӀащ, псори псынщӀэу зэфӀэкӀынущ.

## Ди къуэш республикэхэм

### ГуфӀэгъуэ иным ирихьэлӀэу

АДЫГЕЙ. ***Мейкъуапэ дэт къэрал технологие университетым къыщызэӀуахащ Волонтерхэр щагъэхьэзыр центр. Мы Ӏуэхур ирагъэжьащ дызыхыхьэну 2025 гъэм ТекӀуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум теухуауэ.***

АР хуэунэтӀащ ди къэралым и тхыдэм увыпӀэшхуэ щызыубыда ТекӀуэныгъэ Иным егъэщӀылӀа Ӏуэхухэр езыхэм яфӀэфӀу къызэзыгъэпэщыну цӀыхухэр зэщӀэгъэуӀуэным икӀи ахэр а лэжьыгъэм хуэгъэхьэзырыным.

Центрыр къыщызэӀуахым хэтащ Адыгей Республикэм щӀалэгъуалэм я ӀуэхухэмкӀэ и комитетым и унафэщӀым и къуэдзэ Мугу Азэмэт, еджапӀэхэм, щӀалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лӀыкӀуэхэр.

Ӏуэхум хэтынухэм папщӀэ программэ купщӀафӀэ къызэрагъэпэщащ ди тхыдэ щӀэиныр джыным хуэгъэзауэ. Абы къыдэкӀуэу хьэщӀэхэм щыгъуазэ защӀащ езыхэм я лэжьыгъэм дяпэкӀэ къащыхуэщхьэпэнухэм,-къет еджапӀэ нэхъыщхьэм и пресс-ӀуэхущӀапӀэм.

### Транспорт щхьэхуэ ират

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Lada Granta автомашинэщӏэхэр иратащ Къэрэшей-Шэрджэсым и цӏыху 18-м, лэжьапӏэ Ӏэнатӏэм фэбжьхэр хэзыхахэу зэрызекӏуэну транспорт щхьэхуэ хуэныкъуэхэм. Абыхэм я ӀункӀыбзэӀухэр яритащ Урысейм и Социальнэ фондым КъШР-м щиӀэ къудамэм и унафэщӀ Уэзы Анзор.***

АПХУЭДЭ транспорт хэха зратыр автомашинэхэр зэрагъэкӀуэфыну медико-санитар экспертизэм къилъытахэрщ. КъШР-м ахэр илъэсиблым къриубыдэу зэ щату аращ. Автомашинэхэр зыӀэрыхьахэм а пӀалъэм къриубыдэу мазищ къэс ират гъэсыныпхъэм, техникэм кӀэлъыгъэплъыным трагъэкӀуадэхэр, апхуэдэуи зэ сыт и лъэныкъуэкӀи хуззэрагъэпэщыж. А пӀалъэр икӀа иужь аргуэру автомашинэщӀэ кърат, апхуэдэ хуэныкъуэу къалъытамэ.

### Зэдэлэжьэну зэгурыӀуащ

АБХЪАЗ. **Республикэм Ӏэ щытрадзащ Абхъаз къэрал университетымрэ "Урысейм и студентхэм я спорт зэгухьэныгъэ" къэрал жылагъуэ ӀуэхущӀапӀэ Саха (Якутие) республикэм щиӀэ къудамэмрэ зэрызэдэлэжьэнум ехьэлӀа зэгурыӀуэныгъэм. Ар хуэунэтӀащ ӀэщӀагъэлӀ, щӀэныгъэлӀ, егъэджакӀуэ Ӏэзэхэр гъэхьэзырыным.**

ЛЪЭНЫКЪУЭХЭР зэгурыӀуащ диплом тӀуащӀэ щӀрат егъэджэныгъэ программэхэр, курс хэхахэр къызэгъэпэщыным, егъэджакӀуэхэмкӀэ, студентхэмкӀэ, аспиранткхэмкӀэ зэхъуэжэным, зэщӀыгъуу щӀэныгъэ къэхутэныгъэхэр егъэкӀуэкӀыным, я щэнхабзэ, гуманитар зэпыщӀэныгъэхэм зрагъэужьыным, нэгъуэщӀхэми ятеухуауэ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

# Сабийхэр ягъэгушхуэ

**Някъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэм трагъахуэу, дыгъэгъазэм и 3-м, сабийхэм пшыхь гукъинэж щыхуащӀащ Узыншагъэр щрагъэфӀакӀуэ «Лэгъупыкъу» центрым. Ар къызэрагъэпэщат КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэӀэпыкъуныгъэмкӀэ, ЩэнхабзэмкӀэ и министерствэхэм.**





«ЛЭГЪУПЫКЪУМ» и пэшышхуэм щызэхуашэсат зи узыншагъэм сэкъат иӀэ сабийхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ, егъэджакӀуэхэр, гъэсакӀуэхэр. Пшыхьыр къыщызэӀуахым, цӀыхухэр ирагъэдэӀуащ гуапагъэр зищӀысым, и мыхьэнэм, ар къызэрыпхуэщэхуным, цӀыхум и гум илъу къыдэгъуэгурыкӀуэн зэрыхуейм. «Гуапагъэр зэи жьы хъуркъым, абы цӀыхур еӀэт, «ин» ещӀ. Ауэ сытми «псалъэ гуапэр хущхъуэщ» жаӀэркъым. Гуапагъэр къыпхуэмыӀуэтэн гуэрщ, абыкӀэ цӀыхум ухуэупсэн хуейщ. Аращ зытеухуар ди пшыхьыр», - къыхагъэщащ ар езыгъэкӀуэкӀахэм.

Мы Ӏуэхум хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщӀ **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Ӏэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Уянаевэ Ӏэминат**, КъБР-м и Парламентым и депутат, «Афганистанымрэ дзэ Ӏуэху хэхахэмрэ я ветеранхэм я зэгухьэныгъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ ӀуэхущӀапӀэм и унафэщӀ **Тхьэгъэлэдж Тимур**, КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэӀэпыкъуныгъэмкӀэ и министр **Тогузаев Тахир**, КъБР-м щэнхабзэмкӀэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щӀэныгъэмкӀэ и министрым и къуэдзэ **Мокаев Ачемиз**, КъБР-м сабийм и хуитыныгъэхэмкӀэ и уполномоченнэ **Лъынэ Светланэ**, КъБР-м ис ЦӀыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщӀ **Къаскъул Аулият**, Сабий някъуэдыкъуэхэм я адэ-анэхэм я урысейпсо ӀуэхущӀапӀэм и щӀыналъэ къудамэм и унафэщӀ **Бозий Маринэ**, Зи нэм имылъагъухэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм Налшык къалэм щиӀэ къудамэм и унафэщӀ **Ульбашевэ Хьэлимэт**, Сабий-ныбжьыщӀэ творчествэмкӀэ къалэ центрым и унафэщӀым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ ӀуэхухэмкӀэ и къуэдзэ **Къэзакъ Жаннэ**, Сабий-ныбжьыщӀэ творчествэмкӀэ Налшык къалэ центрым и унафэщӀым Ӏуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр къызэгъэпэщыныкӀэ и къуэдзэ **Кертбиевэ Залинэ**.

- Къаруушхуэ зыбгъэдэлъ ди сабийхэм нобэ я махуэщ. Дэ долъагъу бэшэчу икӀи ерыщу егъэджэныгъэм, спортым, гъуазджэм ехъулӀэныгъэшхуэхэр зэрыщызыӀэрывгъэхьэр, уеблэмэ гъащӀэр фӀыуэ зэрыфлъагъумрэ абы жыджэру фызэрыхэтымкӀэ адрейхэм щапхъэ фазэрыхуэхъур. А псор, шэч хэмылъу, пщӀэ зыхуэфащэ лэжьыгъэщ, - къыхигъэщащ Егоровэ Татьянэ сабийхэм защыхуигъазэм. - Нобэ къэралым гулъытэ хэха хуещӀ зи узыншагъэм сэкъат иӀэхэм защӀэгъэкъуэным - егъэджэныгъэ жыпӀэми, медицинэ Ӏуэхуу щытми. Апхуэдэ лэжьыгъэр гъэ къэс зэредгъэфӀэкӀуэнум дэ и ужь дитщи, дыхуейт мы Ӏуэхум иджыри цӀыху куэд къеувэлӀэну. Дызэгъусэу куэд тхузэфӀэкӀынущ! ФӀыщӀэ щхьэхуэ яхуэфащэщ адэ-анэхэм зи гуапагъэмрэ гулъытэмрэ хэмыщӀу сабийхэм якӀэлъыплъхэм. ИкъукӀэ къыпхуэмылъытэн хуэдиз къалэнышхуэ фогъэзащӀэ. Фи унагъуэхэм сыт щыгъуи гу хуабагъэ илъыну, узыншагъэ фиӀэну, фи къарур мыкӀуэщӀрэ гукъыдэж ин фхэлъу фыпсэуну си гуапэщ».

Тхьэгъэлэдж Тимур фӀыщӀэ яхуищӀащ зи узыншагъэм сэкъат иӀэ сабийхэм ядэлажьэхэми адэ-анэхэми. Абы Афганистанымрэ дзэ Ӏуэху хэхахэмрэ я ветеранхэм я зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкӀыу цӀыху зыбжанэм щӀыхь тхылъхэр яритащ: «Лэгъупыкъу» центрым зэрагъэхъуж физическэ щэнхабзэмкӀэ и инструктор **Бэрсэдж Мыхьэмэт**, «Лэгъупыкъум» узыншагъэр щрагъэфӀакӀуэ и къудамэм и унафэщӀ **Мусуковэ Танзиля**, психолог **Бэдрак Джамилэ**, Налшык къалэм и курыт еджапӀэ №23-м и педагог-психолог Базаев Расул сымэ. «ЩӀэблэм дыфщогугъ. Къэралым и зыужьыныгъэр зыхуэдэнур зэлъытар фэращ. Узыншагъэ фиӀэну, фӀыуэ феджэну, щӀэныгъэ куу зэвгъэгъуэтыну дынывохъуэхъу, ди нэхъыжьхэм я щӀэиныр фхъумэну ди хъуэпсапӀэщ, - жиӀащ депутатым.

АдэкӀэ сабийхэр къафэхэмрэ уэрэдхэмрэ я псысэ телъыджэм хашами ярейт. Пшыхьым цӀыкӀухэм я гукъыдэжыр къыщаӀэтащ «Кавказ пшэплъхэр», «Эльбрус», «Арабеск» сабий ансамблхэм, уэрэдхэр ягъэзэщӀащ Иуан Каринэ, Ким Виктор, Болэт Мирабель сымэ. Пэшым щӀэсхэр ягъэгушхуащ, ягъэджэгуащ, псэущхьэ зэмылӀэужьыгъуэхэм ещхьу зызыхуэпахэм абыхэм я гукъыдэжыр къаӀэтащ. Пшыхьым и курых хуэдэт «сабий дыгъэхэр» утыкум къыздрашэу, ӀэпэтэрмэшкӀэ уэрэдым зэрыдежьууар. Пшыхь нэужьым сабийхэм ӀэфӀыкӀэхэмрэ псы ӀэфӀхэмрэ хуагъэхьэзыраyэ къапэплъэрт.

Гуапагъэ, гущӀэгъу, зэрылъытэ - мыпхуэдэ гурыщӀэхэр тщӀыгъумэ, ди гъащӀэри, шэч хэмылъу, нэхъ тынш хъунущ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2025 гъэм, 2026, 2027 гъэхэм ятещIыхьа и республикэ бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектым теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2025 гъэм, 2026, 2027 гъэхэм ятещIыхьа и республикэ бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыхилъхьар, япэ къеджэгъуэу къэщтэн.

2. Мы Унафэр яхуегъэхьын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм чэнджэщ етын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2025 гъэм, 2026, 2027 гъэхэм ятещIыхьа и республикэ бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр етIуанэ къеджэгъуэу 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 9-м щыхэплъэнум ирихьэлIэу зэгъэзэхуэжыныгъэхэр щагъэхьэзыркIэ, мыбыхэм я тэмэмыпIэхэм теухуа хъыбархэр къитыну:

а) «Къэралым 2025 гъэм, 2026, 2027 гъэхэм ятещIыхьа и бюджетым и IуэхукIэ» Федеральнэ законым ипкъ иткIэ 2025 гъэм, 2026, 2027 гъэхэм ятещIыхьа пIалъэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кърату Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхущIагъуж ахъшэр зыхуэдизым теухуауэ;

б) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2025 гъэм, 2026, 2027 гъэхэм ятещIыхьа и республикэ бюджетым къыхэкIыу муниципальнэ щIыналъэхэм я бюджетхэм хухах бюджет зэхуаку трансфертхэр абыхэм ятегуэша зэрыхъунум теухуауэ.

4. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2025 гъэм, 2026, 2027 гъэхэм ятещIыхьа и республикэ бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектым, япэ къеджэгъуэу къащтам, халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс рынокымкIэ и комитетым 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м ипэ къиихуэу иратын хуейуэ гъэувын.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс рынокымкIэ и комитетым къалэн щыщIын а законопроектым теухуауэ къыхалъхьа Iуэху еплъыкIэхэр, чэнджэщхэр, зэгъэзэхуэжыныгъэхэр къэлъытауэ елэжьыжыну икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым етIуанэ къеджэгъуэу щыхэплъэн папщIэ къыхилъхьэну.

6. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI**
**ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2024 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м*
*№48-П-П*

**2024 гъэм и мазибгъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчетым и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2024 гъэм и мазибгъум гъэзэщIа зэрыхъуам и IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчетым хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къегъэлъагъуэ хэхъуэхэмкIэ сом мелуан 59226,1-рэ хъу илъэс планыр сом мелуан 45665,3-кIэ е илъэс планым тещIыхьауэ процент 77,1-кIэ, абыхэм щыщу федеральнэ бюджетым къыхэкI финанс дэIэпыкъуныгъэхэр, илъэсым тещIыхьауэ яубзыхуамкIэ сом мелуан 17982,9-рэ хъур, сом мелуан 14660,7-кIэ е процент 81,5-кIэ гъэзэщIа зэрыхъуар. Ямыпшыныжыну къаIэрыхьэ хэхъуэхэмкIэ планыр процент 75,2-кIэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, сом мелуан 31004,6-кIэ ягъэзэщIащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр хэщIхэмкIэ сом мелуан 43541,3-кIэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, процент 67,5-кIэ ягъэзэщIащ, абыхэм япкъ иткIэ отчет лъэхъэнэм къриубыдэу профицитыр сом мелуан 2124-рэ мэхъу.

ИщхьэкIэ къыщыдгъэлъэгъуахэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2024 гъэм и мазибгъум гъэзэщIа зэрыхъуам и IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчетыр къэлъытэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI**
**ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2024 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м*
*№66-П-П*

# ЩIыгулъ - ерыскъылъэ

**● Махуэгъэпс**



**Мы гъэм епщыкIузанэу ЩIыгулъым и дунейпсо махуэр зыгъэлъапIэхэм ящыщщ Урысей Федерацэри.**

ЩIЫ щхьэфэм и зэхэлъыкIэм куэд епхащ. Хьэуам и пкъыгъуэу абы зыщIишэхэм псыежэххэмрэ щIыщIагъыпсхэмрэ ягъэкъабзэ. ЩIыгулъым зэтреIыгъэ, шынагъуэ гуэри пымылъыжу еущыкъуей зыуцIэпIу лъэIэса псори. Щымыщу хыхьэ, узыфэ къэзышэ микробхэр щIыгулъ узыншэм еукI, егъэкIуэд, цIыхухэмрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ къабзагъэ, экологие щытыкIэ узыншэ къахузэрегъэпэщ. АрщхьэкIэ, ямылейуэ яуцIэпIа щIым шынагъуэ къешэ, и фIагъым кIэроху, мэж, мэгъущIэри, къызэрымыкIуэ къэхъукъащIэхэр къэунэхунымкIи щхьэусыгъуэ мэхъу.

Псалъэ папщIэ, гъавэ щIапIэхэр и чэзум зэрызэрамыхъуэкIым щIым и къарур щIех, хьэпIацIэхэмрэ удзыжьхэмрэ егъэбагъуэ, узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр къегъэунэху, бэвагъым кIэрегъэху. Псым щIилъэсыкI, жьыбгъэм игъэжэщI-игъэжэпхъ, минерал шыгъухэр зэбэкI, шэдылъэ хъу щIыпIэхэм гъавэ щIагъуэ къыщыпхутехкъым.

Мыри къыжыIэпхъэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым вапIэу иIэм щыщу зы цIыхум хуэзэр УФ-м ику иту зэрыщыхъум нэхърэ куэдкIэ нэхъ мащIэщ. Ари и зы щхьэусыгъуэщ, республикэ, муниципальнэ IуэхущIапIэхэри щIыр къэзыгъэсэбэп IэнатIэ псори гъавэ щIапIэхэм хуэсакъыным, я фIагъым хэгъэхъуэным егугъун щIыхуейм.

### И къежьэкIэ

Илъэс 22 ипэкIэ, 2002 гъэм, ЩIыгулъым и зэхэлъыкIэр къэпщытэнымкIэ къэралхэм я зэгухьэныгъэм ди планетэм цIыхуцIэ зиIэу тесыр къыхуриджащ псэуныгъэ екIу диIэнымкIэ зи мыхьэнэр ин дыдэ, дунейпсо фIыгъуэхэм ящыщ зыуэ къалъытэ къэщIыгъэм дяпэкIэ нэхъри дыхуэсакъын зэрыхуейм. 2013 гъэм а жэрдэмыр къыдищтащ ООН-м ЕрыскъыхэкIхэмрэ мэкъумэш IуэхухэмкIэ и IуэхущIапIэм икIи а IэнатIэм и Зэхуэс (Ассамблее) Нэхъыщхьэу абдеж дыдэм щекIуэкIам дыгъэгъазэм и 5-р ЩIыгулъым и дунейпсо махуэу щагъэуващ.

Ди планетэм, щIэзыхъумэ щIыгур имыIатэмэ, цIыхухэри, хьэкIэкхъуэкIэхэри, къуалэбзухэри, гъудэбадзэхэри щыпсэуфыныр фIэщщIыгъуейт. Сыти жыIи, къэкIыгъэхэм зыщIаф псыIагъэмрэ зыхалъхьэ пкъыгъуэхэмрэ зыхъумэр аращ, щIыгум къытекIырщ мэкъумэшыщIэхэр зыщыгугъри Iэщ зыIыгъхэм гугъапIэу яIэри. Мэш щIэным, Iэщ гъэхъуным мыхьэнэшхуэ ирату ижь-ижьыж лъандэрэ къэгъуэгурыкIуэ адыгэхэр а псоми фIыуэ щыгъуазэщ.

### Гу лъытапхъэщ

- ЩIэныгъэлIхэм къызэрабжамкIэ, дунейм псэ зыIутуи зыIумытуи тетым я процент 90-м нэблагъэр ерыскъыхэкIхэмкIэ къызэзыгъэпэщыр щIыгулъырщ. Аращ гъавэ щIапIэхэмрэ мэкъупIэхэмрэ я щытыкIэр зыхуэдэнур зэлъытари.

- Дызэрыщыгъуазэщи, ди планетэм и Iыхьэ щанэр щIыгурэ къуршхэмкIэ щIэхъумащ. Адрейр, зэрытщIэщи, псыщ. ИтIани, щIэныгъэлIхэм къызэрабжамкIэ, псым хэсхэм елъытауэ, щIыгур къэзыгъэсэбэпхэр, я бжыгъэкIи лIэужьыгъуэкIи хуэдэ 700-кIэ нэхъыбэщ.

- Ди планетэм и щIыгум щыщу мэкъумэш лэжьыгъэхэр хуиту щебгъэкIуэкI хъуну иIэр и процент 11 къудейрщ. Адрейр пшахъуалъэщ, къуршылъэ-бгылъэщ е мэзхэмкIэ щIэхъумащ.

- Телъыджэщ, ауэ ЩIы Хъурейм гъудэбадзэу тетым я процент 95-м я гъащIэр, къыгуэхыпIэ имыIэу, щIыгулъым епхащ.

- Ди къэралым доктор степеныр щIэныгъэлIхэм щыхуагъэфэщэнымкIэ япэ дыдэу жэрдэм къыхэзылъхьауэ щытар щIыгулъ щIыпIэхэмрэ абыхэм я зэхэлъыкIэр джынымкIэ еджагъэшхуэ Докучаев Василийщ. Ар къыщыхъуар 1883 гъэм дыгъэгъазэм и 5-рщ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и унафэкIэ, ЩIыгулъым и дунейпсо махуэр абы щIытрагъэхуари аращ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

**Бахъсэн щIыналъэм щыщ Ислъэмей къуажэм щыпсэу Къардэн Мухьэмэд нобэрей и тхыгъэр зытеухуар мэкъумэшыщIэ гуащIафIэ, зи IэнатIэм псэ къабзэ-гу къабзэкIэ бгъэдэта, зи зэфIэкI абы хэзылъхьа цIыху угъурлы, тхьэмадэ лъапIэщ.**

ИСЛЪЭМЕЙ къуажэр жьыуэ къэушащ. Иджыри нэху мыщыпами, щIыпIэ-щIыпIэхэмкIэ макъхэр къыщоIу. Трактор, машинэ Iэуэлъауэхэр кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. Гур етхьэкъу гъащIэ къэушым и пшыналъэм.

«Нива» тракторхэр, культиваторхэмрэ жыласэхэмрэ якIэрыщIауэ, кIапсэлъэрышэм хуэдэу зэкIэлъхьэужьу хьэсэм ирокIуэ, зым и ужьым адрейр иту. Iиляс абыхэм якIэлъоплъри щысщ, а лэжьыгъэм и Iуэху хэмылъ пфIэщIыну. Лэжьыгъэр езыр-езыру екIуэкI хуэдэщ...

МэкъумэшыщIэм и лэжьыгъэр зэрымытыншыр Iиляс нэсу къыщыгурыIуар «Красная Кабарда» колхозым и еплIанэ бригадэм и унафэщIу щыщытарщ, гугъуехь куэд и нэгу щIэкIа нэужьщ. А лэжьыгъэр Iиляс и гъащIэ гъуэгу хъуащ.

Лъэкъущо Iиляс и сабиигъуэм щыщу и гум нэхъ къинэжар тракторымрэ машинэмрэщ: абыхэм япищI щыIэтэкъым. Сытым хуэдэу и гур хэхъуэрэт абыхэм ису къыщижыхькIэ. Ауэ Iуэхур аракъэ, абыхэм ухуемыджауэ рулыр уагъэубыдынутэкъым. Арати, курыт еджапIэр къызэриухыу, Тэрч къалэм дэт мэкъумэш техникумым щIэтIысхьащ. Ар фIы дыдэу къиухри, инженер-механик IэщIагъэр иIэу колхозым къигъэзэжащ.

- ЕплIанэ бригадэм учётчикыу дгъэкIуэнт, пэлъэщыну пIэрэ бригадэ нэхъ ин дыдэм щIалэщIэр? - жиIэри колхозым и агроном нэхъыщхьэ Мэлыхъуэ Сэфудин зыхуигъэзащ парт организацэм и секретарь Улымбащ МутIалиф.

- Сэ зэрысщIэмкIэ, абы и адэ Къанщобий лэжьыгъэ куэд щызэфIихащ «Красная Кабарда» колхозым и губгъуэхэм. А лэжьыгъэм хуигъэсащ, щIипIыкIащ и къуэри, - къитыжащ кIэщIу жэуап секретарым.

- Гъавэ Iухыжыгъуэм и гуащIэгъуэщ. Бригадэм фыкIуи, лэжьыгъэм хэгъэгъуазэ...

Сэфудин зэрыс машинэр хьэсэм нэблэгъауэ къилъэгъуащ комбайным ежауэ цIыхухэр зэрыбгъэдэтыр. «Мыр дауэ, тракторым зыгуэр къыщыщIауэ тхьэм къыщIимыгъэкI. Мы нартыху хьэсэр Iухыжыныр нагъэблэгъауэ щытын хуеящ», - егупсысащ ар гузавэу.

- Нышэдибэ лъандэм доныкъуэкъури тхузэщIэгъэнэжыркъым, дызэмыплъа, едмыщIа къэдгъэнакъым, - жеIэ, япэ зыкърегъэщри, колхозым и инженер нэхъыщхьэ Хьэмжу Борис.

Агроном нэхъыщхьэр ябгъэдыхьэри, зэпкърахауэ щылъ пкъыгъуэхэм хэплъащ.

- Уэлэхьи, фэ профессор къомым зыри щыфхуемыщIакIэ, зы бэлыхь щыщыIэм мыбы, - жиIащ Мэлыхъуэм. - Бахъсэн ежэхи, хэзыщIыкI гуэр къытхуэгъэс, армырмэ, утыку дыкъонапэ, - Борис унафэ хуищIащ.

- ФымыпIащIэу сэ севгъэплъыт, - къэпсэлъащ Iиляс. Комбайным бгъэдыхьэри, Iэмэпсымэхэр къищтащ.

- Уэри дэнэ укъикIа?! Дэ зыри тхуещIакъым, зэман тфIумыгъэкIуэди нэхъыфIщ, - къыжраIащ абы «еIэзахэм». Абы къыпкърaха пкъыгъуэхэр пкърилъхьэжри, зыбжанэрэ игъэкIэрахъуэурэ едэIуащ.

Зы пкъыгъуэ цIыкIу гуэр къыпкърихыжщ, зыкъомрэ епэщэщри, комбайным пкърилъхьэжащ.

- Еплъыт гъэкIэрахъуи, аращ абы и лэжьар, - зыхуигъэзащ Iиляс Борис, ар зэрызэщIэнэжынум шэч къытримыхьэу, игурэ и щхьэрэ зэтелъу.

- Еуей мыгъуэ, тIощIрэ деплъащ абы, зыри къикIакъым, - ауан хэлъу жиIэурэ, Борис игъэкIэрахъуэмэ - занщIэу зэщIэнэжащ.

... Iиляс здагъэкIуа бригадэр зы колхозышхуэ хуэдиз хъурт. Абы гъавэ щIапIэ къудейуэ гектар 1600-м щIигъу иIэт, бригадэри районым щыпашэт. Абы ущылэжьэну зэрымытыншыр псоми ящIэрт, ауэ Iиляс зэрыпэлъэщынур унафэщIхэм фIыуэ къагурыIуат. Учётчик жыпIэ щхьэкIэ, абы и пщэм къалэн куэд къыдэхуэрт. Ар тхэуэ бригадэ пщыIэм щIэскIэ зэфIэкIыртэкъым. Лъэкъущом жэщ-махуэ иIэтэкъым, ищIэн и куэдт. Ар комбайным тесу гъавэ кърихьэлIэжу, тракторкIэ вэуэ е пкъыгъуэ гуэрхэм лъыхъуэу, лэжьакIуэхэм шхын яхуишэу плъагъунут. Техникэ зэхэкъутахэр мащIэфащIэ хъуртэкъым - ахэри зэригъэпэщыжырт.

Лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI, гумызагъэу бгъэдэт щIалэм псоми гу лъатащ. Куэд дэмыкIыу, Iиляс бригадэм и унафэщIу ягъэуващ.

«КъэкIыгъэм я псэр псыщ, я гъуэмылэр удобренэщ», - жиIэрт Iиляс. А IэмалитIыр абы тэмэму къигъэсэбэпырт, гъавэ бэви къехъулIэрт, зы илъэсым нэхърэ къыкIэлъыкIуэм нэхъри хигъахъуэ зэпыту екIуэкIырт. Гектарым нартыхуу центнер 70, гуэдзу - 30, сэхурану - 14 къытепхыныр тыншытэкъым, ауэ абыхэм ар къехъулIэрт.

«Красная Кабарда» колхозым и еплIанэ бригадэр Арыкъкуэбжэ щIыпIэм пэмыжыжьэу щыIэт.

Районым япэ увыпIэр илъэс куэд щIауэ щызыIыгъ Лъэкъущо Iиляс зи унафэщI бригадэм и лэжьакIуэхэм хъыбарыфI къаIэрыхьащ Бэракъ Плъыжь орденыр унафэщIым къызэрыхуагъэфэщамкIэ.

... Зэрыхабзэу, Iиляс пщэддджыжьым жьыуэ къэтэджащ. Радио щIигъэнам къыту зэхех СССР-м и Правительствэм и УнафэщIым и Указым къеджэу. Дамыгъэ лъапIэ зрата делэжьакIуэ нэхъыфIхэм езым и унэцIэри яхэту щызэхихым, ар къэуIэбжьащ, ауэ зыми зыкъригъэщIакъым.

- Папэ, папэ, зэхэпха радиом къитар? - адрей пэшым къыщIэжри, щIэкIыну зызыгъэхьэзыра адэм и пащхьэм къиуващ псом япэ къэтэджа и щIалэ нэхъыжьыр.

- Мамэ, папэ орден зратынухэм яхэту иджыпсту радиом къиту зэхэсхащ, - жиIэурэ анэми хъыбарыфIыр Iэригъэхьащ щIалэм.

- Пэжу пIэрэ мыбы жиIэр хьэмэрэ пщIыхьэпIэ илъэгъуауэ ара? - гуапэу и щхьэгъусэм йоплъ цIыхубзыр.

- ПцIыкъым, сэри зэхэсхащ, ауэ псори пщыхьэщхьэ фызгъэгуфIэн си гугъати, зэрыплъагъущи, си япэ къищащ.

Унагъуэм ис псори адэм гуапэу ехъуэхъуащ.

УкIытэми, гуфIэгъуэм зэщIищтауэ, Iиляс кIагуэр зытриубгъуэри, унэм къыщIэкIащ. Жэрыжэм тету школым кIуэ цIыкIухэри къыхуэзэ псори къохъуэхъу.

Колхоз правленэм хэт пэшышхуэм лэжьакIуэхэр етIуанэ махуэм щызэхуэсащ.

- Си гуапэу сынохъуэхъу, дыпщогугъ уи ехъулIэныгъэхэр нэхъри нэхъыбэ пщIыну, - жиIащ колхозым и председатель Шыгъэлыгъуэ Мухьэмэд. - Ирикъунщ япэ увыпIэр районым зэрыщыпIыгъар, иджы республикэм бжьыпэр щызыIыгъхэм уеныкъуэкъун хуейщ...

Мыбдежым сигу къэкIыжащ Iиляс къысхуиIуэтэжа мы хъыбарыр. Илъэс куэд ипэкIэ ди къуажэм къыдэтIысхьащ ныбжь зиIэ цIыху губзыгъэ, зи нэгум куэд щIэкIа Чэрим.

Илъэс куэдкIэ мывэ къуршым езэуащ, щIы Iэгуэ къыIэщIихыну. ИужькIэ егупсысащ цIыхухэм я гум къинэжыну къахуигъэнэнум. Чэрим мурад ищIащ Бахъсэн псым пэмыжыжьэу псынэ къыщитIыну. ЦIыхухэр зэфэн псы щхьэкIэ гугъу ехьырти, ар ящигъэпсынщIэну. ИпэкIэ абы иужь куэд ихьат, ауэ зыми къехъулIатэкъым. ЦIыхухэр тхьэусыхэрт я гъащIэ гугъум щхьэкIи, Чэрим яжриIэрт, зэман дэкIмэ, псоми зэраIуэтэжынур.

Апхуэдэ псы къабзэ, IэфI мы щIыпIэм щалъагъуну къуажэдэсхэм ямыгугъауэ, псынэ телъыджэ хъуат ар! Дыгъэм пэлыд псынэр зылъагъухэр гуфIэу Чэрим ехъуэхъурт, и Iэр яубыдырт:

- Щытхъушхуэ яхуэфащэщ уи Iэхэм, Чэрим!

Абы иужькIэ Чэрим и гум къэкIащ, а псынэм къыхэкIыу дэтхэнэ зы унэми псы иришэлIэну. И нэгум щIэтт - щIылъэр зэщIэгъэгъауэ, пхъэщхьэмыщхьэрэ, хадэхэкIкIэ жумарту. Ауэ а гупсысэ дахэр и къуажэгъухэм яригъэлъагъуну хунэсакъым. Ар цIыхухэм щалъэгъуар нэхъ иужьыIуэкIэщ.

- Сэ щIалэгъуалэм сахуэзэн хуей щыхъуам деж ягу къызогъэкIыж а псынэр, Чэрим лIыгъэу хэлъар, - жеIэ Iиляс.

Чэрим хуэдэу Iиляси цIыхухэм яжриIэрт псэукIэ дахэ яIэ зэрыхъунур. Абы папщIэ IэщхьэлъащхьэрдэхьеяуэIуэхум иужь ихьэн хуейуэ арат.

- Ди гъавэ щIапIэхэм псыр Iэмал имыIэу къэкIуэнущ, къыхуишэнущ ар Хьэтэкумб каналым, - яжриIэрт цIыхухэм абы икIи ар я фIэщ хъури, гъусэ зыкъыхуащIащ.

ЕплIанэ бригадэм сыт щыгъуи гъавэ бэв кърихьэлIэрт, дунейр «гурымыкъыу» зэрыщытам щхьэкIи къэмынэу.

Зы илъэс гуэрым гъатхэм лэжьыгъэ псори и зэманым фIагъ ин хэлъу зэфIагъэкIат. Махуэшхуэм ипэ къихуэу япэ къэкIыгъэхэм къыхэпщын щIидзауэ, напIэзыпIэу уафэр къызэщIэуфIыцIащ.

- Уэшхмэ, дехъулIащ, дызыхуэныкъуэ дыдэщ, - жиIащ Iиляс, уафэм дэплъейурэ. Ауэ дэнэт, уэшхышхуэм уэ пIащэхэр къыкIэлъыкIуащ, нартыху хьэсэр зэман кIэщIым Iисраф ищIри хэкIуэдэжащ.

Iиляс етIуанэ махуэм бригадэр зэхуишэсащ, Iуэхум теухуауэ унафэ къащтэри, щIэрыщIэу хасэжащ зэман кIэщIым. КуэдкIэ зыщыгугъа гъэр апхуэдэу кърагъэлащ. Апхуэдэут Iиляс мэкъумэшыщIэхэм зэрадэлажьэр: япэщIыкIэ механизаторхэм ечэнджэщырти, иужькIэ унафэ ищIырт. Дауи, арауэ къыщIэкIынут бригадэм зыщIезыгъэх щIыхэмытыр, дэтхэнэми ар и унагъуэм хуэдэу къыщIилъытэр. Гупым зыри хэкIыжыртэкъым, лэжьыгъэкIэ драгъэкIуэтеямэ сэ сщIэрэ армыхъумэ.

Дэтхэнэ зы районми яIэу щытащ мэкъумэш IуэхущIапIэ, хьэщIэ къахуэкIуэхэм загъэщIагъуэу ирагъэлъагъуу. «ЯгъэлъагъуэкIэт» абыхэм зэреджэр. Ахэр фэрыщIагътэкъым: ахэр пашэт, илъэс къэс я лэжьыгъэр ефIакIуэрт.

Апхуэдэт Бахъсэн районым и «Красная Кабарда» колхозым и еплIанэ бригадэри, гъавэ бэв къехьэлIэнымкIэ, я ехъулIэныгъэмкIэ псоми яцIыхуу щытар. Апхуэдэу екIуэкIащ илъэс куэдкIэ. Мы тхыгъэр здэстхым си гум къокIыж Лъэкъущом къызжиIауэ щытахэр. Ар гуапэу ятепсэлъыхьащ зыдэлэжьахэм. ПщIэшхуэ хуищIу и гум къигъэкIыжащ колхозым и председатель Шыгъэлыгъуэ Мухьэмэд гъащIэм зэрыхуигъэIущахэр. Езым теухуауэ бригадирым зыри жиIакъым.

- Сэ зыри сщIакъым, еплIанэ бригадэр къызэзыгъэпэщари пашэ зыщIари колхозым и председателу щыта Къылъшыкъуэ Изэтрэ агроном нэхъыщхьэу лэжьа Шыгъэлыгъуэ Суфянрэщ.

Ауэ си блокнотым Изэтрэ Суфянрэ жаIауэ мыпхуэдэ щытхъухэр истхауэ щытащ: «Лъэкъущом и лэжьыгъэм хьарзынэу хещIыкI, щIыр фIыуэ елъагъу. Узыщыгугъ хъун унафэщIщ ар, цIыхухэр хуэарэзыщ». Апхуэдэ псалъэхэм дэтхэнэ зы лэжьакIуэри игъэгушхуэрт.

Дауи, щыIащ я мурадыр къащемыхъулIи, щыуагъэ щаIэщIэкIи. Мис, къапщтэмэ, гуэдзыр мэхъу. Губгъуэр алэрыбгъу гъуэжь дахэу зэщIищтащ: хэбгъэхьэ хъуну комбайныр хьэмэрэ пэплъэн хуей? Гъэмахуэ махуэм хьэсэр иджыри дыщэпсу щрет, абы щхьэкIэ нэхъ Iей хъунукъым, жыпIэрэ зэуэзэпсэу уэшхышхуэ е уэшхуэ къехмэ-щэ? Псори цIыхум елъытакъым.

... ГъэщIэгъуэнщ щIым телэжьыхьым и Iуэхур. ПIейтей защIэм хэтурэ хэщIыныгъэншэу гъавэр и зэманым кърихьэлIэжащ икIи, лэжьыгъэ хьарзынэ къехъулIами, ар къэкIуэну зэманым йогупсыс.

Ныбгъуэр хьэм хэсми, хумкIэ и гур щыIэщ жыхуаIэм хуэдэу, иджыпсту мылэжьэжми, Iиляс и гур щыIэщ щылэжьа губгъуэмкIэ. Ауэ гъащIэм ипэ уригъэщынукъым, удэгъуэгурыкIуэну аращ.

ГъащIэм нэхъыфIу хэлъыр узыншагъэщи, ар Iиляс пIэщхьагъ Тхьэм хуищI.

*Тедзэным хуэзыгъэхьэзырар*
**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.**

# Iиляс и гъащIэр

**● Ди нэхъыжьыфIхэр**



Лъэкъущо Iиляс

**● Дэ къытхуатх**

# «Адыгэ псалъэр» си гъуазэщ

**Газетхэмрэ журналхэмрэ лъэныкъуэрабгъу ищIащ дуней псом зыщызыубгъуа интернетым. Абы жыри щIэри хэзэгъащи, дунейм сыт къыщыхъуми дакъикъэм щыгъуазэ зыщищIыфынущ дэтхэнэми. Ар къэплъытэмэ, гуапэ тщымыхъуу къанэркъым делIалIэу дызэлэжь газетым цIыху пэплъэу къыщытщIэкIэ.**

ИДЖЫБЛАГЪЭ и тхыгъэ къытIэрыхьащ Къэрэгъэш къуажэм щыщ Тэмазэ Риммэ.

«ПщIэ зыхуэсщI «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм и лэжьакIуэхэ! Псоми сынывохъуэхъу ди адыгэ газет закъуэу си псэм хэлъым и илъэсищэ гъащIэмкIэ. Гуп зэкъуэту, гуп дыгъэлу фыкъызэдокIуэкIри, куэдрэ Тхьэм узыншэу фызэдигъэлажьэ. Сэ илъэс куэд щIауэ «Адыгэ псалъэр», иджыри «Ленин гъуэгуу» зэрыщытрэ, си Iэпэгъуу сыкъогъуэгурыкIуэ. Ар къыщахьыну зэманыр къысхуэмыгъэсу сожьэ, къытехуэхэри, зы псалъэ къэзмыгъанэу, щIызоджыкI. «Ислъамым и нурыр» зыпэсщI щыIэкъым, «Махуэку» напэкIуэцIри сфIэфI дыдэщ, щэбэтым къакIуэ газетым тет псалъэзэблэдзыр къэсщIэну сфIэфIщ, сегъэгупсысэ. Сэ нэхъапэхэм «Iуащхьэмахуэми» Iэ тездзэрт, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, псори лъапIэ хъуащи, схузэфIэкIыжыркъым.

Хуабжьу си жагъуэ хъуащ Апажэ Умар и къуэ Сэрэждин дунейм ехыжауэ газетым тету сыкъыщеджам. Ар Къэрэгъэш къуажэм щылэжьащ, сэ 7-8-нэ классхэм сыщIэсуи сригъэджащ. ИкъукIэ егъэджакIуэфIт, адыгэбзэм хуэшэрыуэт Сэрэждин. Сэ анэдэлъхубзэр фIыуэ сэзыгъэлъэгъуари арауэ жыпIэ хъунущ.

Узыншэу фыщыт, хъыбар купщIафIэхэмкIэ куэдрэ дывгъэгуфIэу тхьэм фигъэлажьэ. Псэу, ди «Адыгэ псалъэ», зы адыгэ дунейм тетыху!».



# Дунейм щыхъыбархэр

### Спортым гулъытэ нэхъыбэ хуащIынущ

**Спортымрэ физическэ щэнхабзэмрэ зегъэужьынымкIэ советым и зэIущIэм кърикIуам ипкъ иткIэ, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир а унэтIыныгъэр егъэфIэкIуэным теухуауэ пщэрылъ зыбжанэ къигъэлъэгъуащ. Нэхъыщхьэу къыхигъэщахэм ящыщщ СпортымкIэ лъэпкъ центр къызэгъэпэщыныр, «Къуажэ тренер» программэр егъэжьэныр.**

ПРОГРАММЭР хуэунэтIащ спорт IэнатIэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр щIыналъэхэм щылэжьэным дегъэхьэхыным. Апхуэдэхэр къэралым гулъытэншэ ищIынукъым, мылъкукIэ защIигъэкъуэнущ. Абыхэм зэ тыгъуэу сом мелуан нэхърэ мынэхъ мащIэ ахъшэ яIэрыхьэнущ. «Урысейм щагъэзащIэ лъэпкъ проектхэр псори зытещIыхьар къэралым и цIыхухэрщ, ахэр хуэунэтIащ жылагъуэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным», - жиIащ Путин Владимир.

Къэралым и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм спорт IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрыщызэIуахам и фIыгъэкIэ абы дихьэххэм я бжыгъэм иужьрей илъэсхэм хъарзынэу хэхъуащ. Президентым игъэбелджыла пщэрылъхэм хыхьэу Донецк ЦIыхубэ Республикэм дзэ-спорт къудамэ къыщызэрагъэпэщынущ, УФ-м СпортымкIэ и министерствэм СпортымкIэ къэрал музей къыщызэIуахынущ.

### Зэкъуэувэну къыхураджэ

**Ираным и Президент Пезешкиан Масуд ислъам къэралыгъуэхэм захуигъэзащ Сирием щыIэ щытыкIэр зэпIэзэрыт щIыжынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуну къыхуриджэу.**

«СЭ шэч къытесхьэркъым муслъымэн къэралхэм а Iуэхум хэкIыпIэ гуэр къызэрыхуагъуэтынум, екIуэкI зэныкъуэкъухэм хамэ щIыналъэхэр къыхамыгъэIэбэу», - щыжиIащ абы Ираным и правительствэмрэ парламентымрэ зэгъусэу ирагъэкIуэкIа зэIущIэм.

Президентым къыхигъэщащ Ираныр зауэ зэрыхуэмейр икIи и гъунэгъухэм я гъунапкъэхэр здынэсыр зэхигъэкIын Iуэхуи зэрызэримыхуэр.

Апхуэдэу Хьэрып къэралхэм я лигэм и секретарь нэхъыщхьэ Абуль Гейт Ахьмэд тхьэмахуэ махуэм къигъэлъэгъуащ Сирием щыIэ щытыкIэм зэригъэгузавэр. Абы жиIащ зэрыхьзэрийр къагъэсэбэпу террорист гупхэм жыджэру зыкъаIэтынкIэ шынагъуэ зэрыщыIэр.

**Дыгъэгъазэм и 5,**
*махуэку*

**♦ЩIыгулъым и дунейпсо махуэщ**
**♦Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ**
**♦1936 гъэм** СССР-м и етIуанэ Конституцэр къащтащ. Ар тхыдэм хыхьащ «Сталиным и Конституцэ» цIэр иIэу.
**♦1936 гъэм** КъБАО-р КъБАССР хъуащ.
**♦1942 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и партизанхэр Лэскэн Езанэм щыIэ нэмыцэ быдапIэм теуащ, хэщIыныгъэшхуи иратащ.
**♦1916 гъэм** къалъхуащ КъШР-м щыщ, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къуныжь Зэмахъшэрий**.
**♦1927 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Къумыкъу Тыгъуэн**.
**♦1938 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м, РАЕН-м я академик, УФ-м, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Нэхущ Iэдэм**.
**♦1960 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, республикэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Жыласэ Заурбэч**.
**♦1992 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м щIыхь зиIэ я артист **Быщтэ Азэмэт**.

__Дунейм и щытыкIэнур__

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 4, жэщым 1 градус щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 6,**
*мэрем*

**♦УФ-м и МВД-м наркотикхэм ехьэлIа щIэпхъаджагъэхэр зэхэгъэкIыныр зи нэIэ щIэтыну къудамэ къыщызэрагъэпэща махуэщ**
**♦1933 гъэм** къалъхуащ балъкъэр щIэныгъэлI, философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-мрэ Къалмыкъымрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Эфендиев Сэлихь**.

__Дунейм и щытыкIэнур__

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щIыIэр градус 0 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ЦIыхугъэ зиIэм жагъуэгъуи иIэщ.**



*Сурэтым: (сэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ):* **Тау Замирэ, Аслъэныкъуэ Мадинэ, МэшлIокъуэ Саидэ, Уэзрокъуэ Чэрим, Ансыкъуэ Иринэ.**



# Лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэр щызэхуэхьэса унэ

**Ди республикэм и къалащхьэм и цIэр зэрихьэу Налшык дэт ресторан-музейм и щIыхьэпIэм деж щегъэжьауэ и дэтхэнэ плIанэпэми, къатми, пэшми адыгэ теплъэ яIэщ. Теплъэ къудейм и мызакъуэу, адыгэ унагъуэ укъыщыхута хуэдэу, абы щыпхуэзблахыр адыгэ ерыскъы IэфIхэрщ, къыщеуэр адыгэ макъамэщ, щыпщафIэри а IэщIагъэм нэхъ хуэIэзэхэрщ. Адыгэм и шыфэлIыфэр, дуней тетыкIэр, унагъуэ зэхэтыкIэр, япщэфI шхыныгъуэр, зэрахьэ хьэпшыпыр, псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, адыгэ хабзэр плъагъуну, уи хьэщIэм ебгъэцIыхуну ухуеймэ, лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэ псори щызэхуэхьэса ресторан-музейр абыкIэ щапхъэщ.**

АР зыгъэлажьэ Уэзрокъуэ Чэрим ди республикэми гъунэгъу хэгъэгухэми фIыуэ къыщацIыху уэрэджыIакIуэщ, куэдым я гум дыхьэ адыгэ щIалэ зэпIэзэрытщ. Чэрим и ныбжьэгъухэм жаIэ, сыт хуэдэ Iуэху кърихьэжьэми, зыми емыщхьу, зыхуей хуэзэу, псоми яфIэгъэщIэгъуэну къызэригъэпэщ, зэфIигъэкI зэрихабзэр. Абы ещхьу ресторан-музейм адыгэ ерыскъы щапщэфIу, адыгэм я псэукIэр уи нэгу къыщIигъэувэу игъэлажьэ къудей мыхъуу, зы проект телъыджэ къигупсысащ. «Адыгэхэм я деж хьэщIапIэ» зыфIища а Iуэху дахэм лъэпкъым и пщIэр нэхъри къиIэту илъэс зыбжанэ хъуауэ егъэлажьэ. Адыгэм и гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр зэрыдихыр, и псэукIэм и щхьэхуэныгъэхэр, хьэщIэ къегъэблэгъэкIэр, гъэхьэщIэкIэр, хабзэр, щэнхабзэр, гъуазджэр, зэхэтыкIэр, дызэрыс щIыпIэм и дахагъэр уи нэгу къыщIэзыгъэувэ видео теплъэгъуэр къыщат пэшым щызэхуэсхэр Iэнэм пэрысщ. ХьэщIэхэм хуаIуатэхэр шхыныгъуэхэм нэса нэужь, экраным кърИдзэ ерыскъыр а къыщигъэлъагъуэ дакъикъэ дыдэм Iэнэм къытрагъэувэ, цIыхухэр абы хэIэбэху, телевизорымкIэ ялъагъу ар къызыхэщIыкIари, зэрапщэфIри, зэрыIэфIым нэмыщI, сэбэпынагъыу пылъри. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, мы проектым хыхьэу, хьэщIэм шхыныгъуибл Iуагъахуэ: хугу хьэнтхъупс, джэш лыбжьэ, лыцIыкIулыбжьэ, кхъуейжьапхъэ пIастэ я гъусэу, дэлэн, къалмыкъ шейрэ мэжаджэрэ, тхъурыжь, щIакхъуэ Iэрыпщ, махъсымэ хуэдэхэр псоми я пащхьэ итщ. Тепщэчым къыбгъурылъщ шхыныгъуэхэм халъхьэхэр зэрыт тхылъымпIэ шыхьа цIыкIур. Ар хуейм къыздещтэ, кIуэжмэ, ипщэфIын хуэдэу. ХьэщIапIэ кIуар Iэнэщ1у щIагъэкIыжрэ? Абыи егупсысащ Чэрим, адыгэ фащэкIэ зэщыхуэпыкIа щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ я сурэтхэр зытет иджырей IэфIыкIэхэмкIэ яхуоупсэ.

КъБР-м, КъШР-м, АР-м къыщыдэкI «Адыгэ псалъэ», «Черкес хэку», «Адыгэ макъ» адыгэ газетхэм зэгъусэу къызэрагъэпэща «Журналист зэдэлэжьэныгъэ» проектым хэта журналист пщащэхэр гуапэу дригъэблэгъащ Чэрим икIи, и хэщIапIэм хьэщIэм щыкIэлъызэрахьэ хабзэм къыдэкIуэу, лэжьыгъэр къызэрыщызэгъэпэщами къытхутепсэлъыхьащ.

- Мы шхапIэр илъэс 23-рэ хъуауэ мэлажьэ, - жеIэ бысым щIалэм. - КъыщызэIуахым къэуваауэ щыта пщафIэхэращ иджыри а Iуэхум пэрытыр. Абыхэм ныбжь яIэщ, я Iэхэр япщэфIым хуэшэрыуэщ, нэхъыфI зэрыхъунур ящIэу апхуэдэщ. Иджырей пщафIэхэр хамэ шхыныгъуэхэр зэрагъэхьэзырым нэхъ дехьэх, абы нэхъ зрагъасэри, ди адыгэ ерыскъыр яхуэпщэфIыркъым, ди жагъуэ зэрыхъущи. Ди шхапIэм щапщэфIри, щызэрахьэри, щылажьэхэр зэрыхуэпари, зэрыпсалъэри ди лъэпкъ хабзэмрэ бзэмрэ къезэгъыущ.

Мыбы щекIуэкI сыт хуэдэ Iуэхуми уи нэIэ тет зэпыту щытын хуейщ. ШхапIэ къызэIупхарэ уи ныбжьэгъухэр уи гъусэу ущIэскIэ, зэфIэкIыркъым. АтIэ къекIуалIэ дэтхэнэ зыми, «къытезгъэзэжарэт» жиIэу щIэкIыжын папщIэ, уигури уи псэри етауэ уи къалэным упэрытын хуейщ. Мы шхапIэр къапщтэмэ, сом къризлэжьынщ, мылъку ирисщIынщ жысIэу къесхьэжьа Iуэхукъым, сэ сызэрыпсэун къызэрызлэжьыр нэгъуэщI IэщIагъэщ. СыкъызыхэкIа лъэпкъым и сэбэп зыхэлъ гуэр сщIэну сыхуейт, адыгэр нэхъыбэм къацIыхуарэт жысIэу си гуращэти, мыпхуэдэ Iэмалыр къэзгупсысащ. Адыгэ шхыныгъуэхэмкIэ хамэ щIыпIэхэм къикIахэмрэ нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIахэмрэ згъэхьэщIэкIэрэ лъэпкъым бгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр я пащхьэ изолъхьэ, дыкъацIыхумэ, дыкъалъагъумэ сфIэфIу.

Нобэ фэ флъэгъуа проектымкIэ дгъэхьэщIэр куэд мэхъу, - къыпещэ Уэзрокъуэм. - Республикэ унафэщIхэм я деж къакIуэ хьэщIэхэр, санаторэхэм зыщагъэпсэхуну ди лъахэ къихьэ туристхэр, гъунэгъу хэгъэгухэм, хамэ къэралхэм, Урысейм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа куэд къытхуоблагъэ. Ахэращ «Адыгэхэм я деж хьэщIапIэ» проектыр къыщIэдгупсысари. Зы сыхьэтым и кIуэцIкIэ, видео теплъэгъуэмкIэ зрагъащIэ адыгэм и щыIэкIэ-псэукIэр, къекIуэкIыкIар, зэрахьэ хабзэр, япщэфI, яшх ерыскъыр. ДакъикъиблкIэ нэхъ ямызэхуакуу шхыныгъуибл ядогъэшх. Ар куэду къызыщыхъункIэ хъун щыIэщ, ауэ адыгэр игъащIэм ныбаблэу, къехьэлъэкIын хуэдиз ишхыу щытакъым. АтIэ мащIэрэ IэфIу жыхуиIэм хуэдэу, къару къезытын, къэуат зыщIэлъ защIэт ишхыр. ШхыныгъуиблыР къыщытхькIэ, тепщэчым къралъхьэ Iыхьэхэр мащIэщ, ар лъатэм къытехьэлъэркъым, ауэ къэуату щIэлъыр куэдщи, уи ныбэр изу, къарурэ гукъыдэжрэ къуиту укъотэджыж. Ар зыхащIэ япэ дыдэу адыгэ шхыныгъуэ зыIухуэ зыгъэпсэхуакIуэхэми.

Чэрим и псалъэхэм щыхьэт техъуэфын цIыху куэд ущрихьэлIэнущ ресторан-музейм. Абы гуп-гупурэ махуэ къэс къокIуэ ди лъахэм зыщызыгъэпсэхухэр. Урысейм и нэгъуэщI хэгъэгухэм къикIа е хамэ къэралхэм къыщалъхуа цIыхум, адыгэ унагъуэ къыщыхута хуэдэ, махъсымэбжьэкIэ къыпожьэри, IэфIагъэрэ хуабагърэ зыщIэлъ уардэунэ зэгъэпэщам щагъэтхъэж. Хуабжьу си гуапэ мэхъу абы щыIахэм я гупсысэхэр къаIуатэу сыщрихьэлIэкIэ. Налшык и уэрамхэм къыщыпкIухькIэ, и зыгъэпсэхупIэхэм уи узыншагъэр щебгъэфIакIуэкIэ, уздэщыIэ щIыпIэм исхэр къэпцIыхуркъым. КъБР-м къэкIуам мыбы ис адыгэхэр зыхуэдэмрэ я дуней тетыкIэмрэ къащIэнымкIэ уасэншэщ Чэрим къигупсыса проектыр. Абы и деж зэ щыIам «Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщыдгъэпсэхуат» щыжаIэкIэ, «адыгэхэм я деж хьэщIапIэ дыщыIат» жаIэу зэрыдыщIагъунум шэч хэлъкъым, апхуэдэ егъэблэгъэкIэ гуапэр гум къимынэнкIэ Iэмал иIэкъыми.



**МэшлIокъуэ Саидэрэ Аслъэныкъуэ Мадинэрэ «Адыгъэ унагъуэ» плIанэпэм зыщаплъыхь.**

Ди журналист зэдэлэжьэныгъэм хэта пщащэхэр адыгэщ, къыздикIари адыгэ зэрыс хэгъэгущ. Ауэ Чэрим зи тхьэмадэ шхапIэ-музейм и уардагъым, езым и хьэлэлагъым, ныбжькIэ щIалэми, зигури зи псэри лъэпкъым хузэIуха дадэ Iущым хуэдэу хъыджэбзхэр зэрыригъэблэгъар телъыджэ ящыхъуащ. Апхуэдэ гуапагъэр нэм къиIуидзэ къудейкъым, атIэ шхапIэм и дэтхэнэ зы плIанэпэми щызыхыбощIэ, абы къыщаIэт ерыскъым и IэфIагъым гур щыз ещI. Шхыныгъуэхэм я IэфIагъыр щыдгъэщIагъуэм, Чэрим зы щэху къытхузэIуихащ - ерыскъыр къызыхащIыкI шатэри, шхури, кхъуейри, шэри, лыри, псори къуажэхэм, унагъуэхэм къыщищэхуу аращ. Ахэр илъэс бжыгъэ хъуауэ игъэунэхуауэ, кърашэр зищIысыр ищIэу апхуэдэщ. И фIагъри, IэфIагъри, щащIа махуэри, зыщIари ещIэ, арагъэнщ пщафIэхэм я лэжьыгъэр фIыуэ къащIэхъулIэр.

Ди хьэщIэхэм мызыгъуэгукIэ къацIыхуар, ялъэгъуар шхапIэм и тхьэмадэ Уэзрокъуэ Чэримщ. Ауэ абы и уэрэджыIэкIэ дахэмкIэ адыгэ утыкур зэригъэбжьыфIэр, адыгэм ехьэлIамэ, и щхьэм щызэблэкI гупсысэ жанхэмрэ ар Iуэхущ1афэ щхьэпэу гъащIэм зэрыхипщэфымрэ къыджиIэну делъэIуащ:

- Сэ сызэрыцIыкIурэ уэрэд жыIэным сыдехьэх, - къытхуеIуатэ бысым щIалэм. - Дунейм сыкъыщытехьам щIыпIэ куэдым къыщацIыхуа Нэхущ Чэрим «уей, уей» жригъэIэу уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэт. Ар си анэшхуэм хуабжьу игу дыхьэрти, Чэрим и цIэр къысфIищауэ щытащ. Зэман дэкIри, а IэщIагъэр сэри къыхэсхащ, Чэрими ныбжьэгъуфI, гъуэгугъэлъагъуэ схуэхъуащ. Сабий гъэсапIэм сызэрыкIуэрэ, къуажэм, районым Iуэху гуэр щыIэмэ, сашэурэ уэрэд жызагъэIэрт. Курыт еджапIэм сыщыщIэсым, тхьэмахуэм щэ си анэм Налшык сыкъишэурэ макъамэм сыщыхуригъаджэрт. ГъуазджэмкIэ школым - илъэсиблкIэ, иужькIэ Гъуазджэхэмкlэ колледжым сыщIэтIысхьэри, Даур Иринэ и нэIэ къыстету илъэсиплIкIэ сыщеджащ, итIанэ Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтыр къэзухащ.

ЩIэныгъэ, зэчий, зэфIэкI зыбгъэдэлъ щIалэщIэм хуэдэхэрщ нобэ лъэпкъым и къэкIуэнур зыухуэр. Чэрим уэрэд жиIэ къудейкIэ зэфIэкIыркъым лъэпкъ щэнхабзэм хуищI хэлъхьэныгъэр. ХьэгъуэлIыгъуэхэр, нысашэхэр, лъэтеувэхэр, махуэшхуэхэр игъэбжьыфIэу, цIыхум яфIэфIу ираджэ щыхъум, лъэпкъыпсэ-хэкупсэу щыт щIалэм гу лъитащ адыгэ фащэм и пщIэр Iэпэдэгъэлэл зэрыщIым.

«Илъэс 13 ипэкIэ, нобэ хуэдэу, нысащIэхэм адыгэ фащэ ящыгъыу щытакъым, европей бостейр нэхъ къащтэрт. Лъэпкъ фащэ щызытIагъэр мылъку ябгъэдэлъу я щхьэм хуезыгъэдыжыф закъуэтIакъуэрт. Абы щыгъуэм сегупсысащ фащэ зыщIэлъ зы тыкуэн къызэзгъэпэщу, бэджэнду стыну. СытемыгушхуащэурЭ къызэIусха унэр нобэ цIыху кIуапIэщ, нэхъыбэж вжесIэнщи, апхуэдэ тыкуэнхэр ди къалэм куэд щыхъуащ, щIэупщIи яIэщ. Абы уи гур химыгъэхъуэнкIэ Iэмал иIэкъым, си гугъэщ адыгэу зыкъэзылъытэж дэтхэнэ зыри а Iуэхум щыгуфIыкIыу», - жеIэ Чэрим.

АдыгэлI нэсым и хьэлщ щIалэщIэм дэплъагъур. И щхьэ Iуэху дигъэкIынракъым игъэнэхъапэр, атIэ къызыхэкIам и пщIэр иIыгъынырщ, адыгэм и цIэр дахэу игъэIуныращ. Туристхэм я еблэгъапIэ гупсэху, адыгэ Iэнэ щысину зигу къыпылъадэ хэкурысым и унэ етIуанэ ресторан-музейм нэм щилъагъу псори щхьэм и уасэу зэтригъэпсыхьащи, адыгэр зэрыадыгэм иригушхуэрэ, хамэм «сыадыгарэт» жригъэIэу ирегъэжьэж Уэзрокъуэ Чэрим.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым, политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.*



# СурэтыщI цIэрыIуэм и тыгъэхэр



**Утыкум итыр КIыщ Мухьэдинрэ Жаклинрэщ.**

**СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм, щагъэлъагъуэ УФ-м щIыхь зиIэ и художник, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, ХудожествэхэмкIэ Урысей Академием хэт КIыщ Мухьэдин и лэжьыгъэхэр. «Дахагъэм и гимн» зыфIаща выставкэр къызэрагъэпэщащ сурэтыщI цIэрыIуэр къызэралъхурэ илъэс 85-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ.**

- МЫ Iуэху дахэм къекIуэлIа псоми фIэхъус гуапэ фызох! Ди нэхъыжьыфIым сохъуэхъу узыншагъэ, ехъулIэныгъэ, дэрэжэгъуэ иIэну! - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. - Мухьэдин, уи мызакъэу, нобэ республикэм ис дэтхэнэми сохъуэхъу. Насыпышхуэщ гъуазджэм апхуэдэ зэфIэкIышхуэ щызиIэ цIыху ди лъэпкъым къызэрыхэкIар. Уи лэжьыгъэхэм дихьэххэр дяпэ-кIэ иджыри илъэс куэдкIэ бгъэгуфIэну!

Ар къеджащ УФ-м ХудожествэхэмкIэ и Урысей Академием къигъэхьа хъуэхъу телеграммэхэм. Къумахуэ Мухьэдин КIыщым ирилыжащ КъБР-м и Правительствэм хуигъэфэща щIыхь тхылъыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сурэтыщI гъуазджэм и зыужьыныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэфIхэм папщIэ.

- Мухьэдин и ныбжьэгъухэм, и IэщIагъэм, и лэжьыгъэхэм пщIэ хуэзыщIхэм сащыщщ. Сэ схуэдэу ари Шэджэм щIыналъэм къыщыхъуа щIалэ цIыкIущ, Хэку зауэшхуэм и бынщ. Нобэр къыздэсым согъэщIагъуэ икIи срогушхуэ Мухьэдин и лэжьыгъэхэр Дали Сальвадор къыщалъхуа щIыпIэм зэрыщагъэлъагъуэм! - жиIащ КъБР-м цIыхум и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис. - Мухьэдин, си ныбжьэгъу лъапIэ, сурэт щIынымкIэ уиIэ зэфIэкIхэр дуней псом къыщалъытащ! Иджыри куэдрэ уи сурэтхэмкIэ дыбгъэгуфIэну дыпщогугъ!

ЗэIущIэм адэкIэ къыщыпсэлъащ КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьыныммрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амырбий, КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист ХьэIупэ ДжэбрэIил, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, лъахэхутэ, тхылъ тедзапIэм и унафэщI Котляров Виктор, КъБР-м и цIыху-бэ сурэтыщI Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ, Шэджэм щIыналъэм и лIыкIуэхэр, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэр.

Къэпсэлъахэм жаIар къызэщIэпкъуэжмэ, КIыщ Мухьэдин цIыхухэр, щIыуэпсыр, псэ зыIут псори фIыуэ зэрилъагъур и лэжьыгъэхэмкIэ къызэриIуатэр къыхагъэщащ икIи ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэрэ насыпрэ иIэну, и щхьэгъусэ Жаклинрэ абырэ зэкъуэту, гукъыдэж яIэу къызэдекIуэкIыну. Текуев Амырбий КIыщ Мухьэдин иритыжащ КъБР-м и Парламентым къыбгъэдэкI щIыхь тхылъ.

КIыщ Мухьэдин фIыщIэ яхуищIащ и гъэлъэгъуэныгъэм къекIуэлIахэм, и IэдакъэщIэкIхэм дихьэххэм. Жаклин и гуапэу жиIащ выставкэм хагъэхьа лэжьыгъэхэр республикэм тыгъэ зэрыхуащIар.

КIыщ Мухьэдин дуней псом и плIанэпэ зэхуэмыдэхэм и выставкэ 49-рэ щекIуэкIащ. Абы щыщу 3-р ХудожествэхэмкIэ Урысей Академием къыщызэрагъэпэщащ. Иджырей выставкэм хагъэхьащ илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм и Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэхэр. Ахэм ящыщщ ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэхэм я сурэтхэри. Мухьэдин и лэжьыгъэ щахъумэ Третьяковскэ галереем, Иджырей гъуазджэхэмкIэ Москва щыIэ музейм, СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музей Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм, и сурэтхэм дахьэххэм. КIыщ Мухьэдинрэ Жаклинрэ щыпсэу Андалузием сурэтыщIым и музей щаухуэ. Ар къыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым, Налшык къалэ, къыщызэIуахащ абы и цIэр зезыхьэ Арт-IуэхущIапIэ - галерее. Илъэс зэхуэмыдэхэм сурэтыщIым и Iэдакъэ къыщIэкIа и лэжьыгъэхэр абы щахъумэ икIи гъуазджэ, щэнхабзэ зэхыхьэ гъэщIэгъуэнхэр къыщызэрагъэпэщ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*





**КIыщ Мухьэдин и лэжьыгъэхэм щыщ.**

# И нэIэ тетынущ

**• КъБР-м щыIэ МВД-м къет**

**Урысей МВД-м и управленэу Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыIэм и унафэщI, полицэм и генерал-полковник Бачурин Сергей Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыхухэм щахуэзащ.**



КЪЕКIУЭЛIАХЭМ я упщIэхэр ехьэлIат республикэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэмрэ щIыналъэ IэнатIэхэмрэ я лэжьэкIэм. Апхуэдэуи Iэмал ягъуэтащ ди деж щыхузэфIамых Iуэхухэм, гуныкъуэгъуэхэм тепсэлъыхьыну.

Уголовнэ Iуэхухэр тэмэму зэхэгъэкIыным, и чэзум полицэм и лэжьакIуэхэр зыхуей - зыхуэфIкIэ къызэгъэпэщыным, сабий зеиншэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм къулыкъу щыщIэным, нэгъуэщIхэми хэплъащ.

Бачурин Сергей зи къалэнхэм пщэрылъ ящищIащ дэтхэнэ зы Iуэхуми зэпкърыхауэ хэплъэу хэкIыпIэхэр къагъуэтыну. Iуэхухэр зэрекIуэкIым езым и нэIэ тетынущ. Апхуэдэуи зыкъыхуэзыгъэза псоми иратыну жэуапхэр тхылъымпIэм тету Iэрагъэхьэнущ.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

# Студентхэр яущий

**Бахъсэн къалэм дэт мэкъумэш колледжым и япэ курсым щIэсхэм драгъэкIуэкIащ гъуэгу шынагъуэншагъэм теухуа экспресс-курсхэр. Ар къызэрагъэпэщащ район автоинспекцэм и лэжьакIуэхэмрэ балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ инспекторхэмрэ.**

ПОЛИЦЕЙХЭР тепсэлъыхьащ щыуэтIпсытIым, щыкIагъэпшагъэм, жэщым шынагъуэншэу узекIуэн папщIэ узытетыпхъэ хабзэхэм апхуэдэуи жраIащ скутерхэмрэ мопедхэмрэ, автомашинэхэмкIэ хуит зыщI тхылъхэр уимыIэу зекIуэным кърикIуэнкIэ хъунухэр.

Студентхэм ягу къагъэкIыжащ, ялэжьа хабзэншагъэмрэ щIэпхъаджагъэмрэ папщIэ илъэс 16 хъуа иужькIэ административнэ, уголовнэ жэуапхэр зэрахьыр. Урысей МВД-м и Бахъсэн къудамэм щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ къыхураджащ жэуаплыныгъэ яхэлъыну, нэхъыщIэхэм папщIэ щапхъэу щытыну.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

# Хьэщыкъуей Руслан и дыжьын медалыр

**• Тхэквондо**

**Налшык къалэм дэт «Гладиатор» спорт комплексым махуищкIэ щекIуэкIащ «Iуащхьэмахуэ и Кубокыр» фIэщыгъэр зэрихьэу тхэквондомкIэ (ВТФ, Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) 22-нэ урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 22-м я спортсмен 600-м нэблагъэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и командэм хэту зэхьэзэхуэм хъарзынэу зыкъыщигъэлъэгъуащ икIи етIуанэ увыпIэр къыхьащ Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и гъэсэн, Налшык и гимназие №4-м и етхуанэ классым щIэс Хьэщыкъуей Руслан.

Килограмм 37-рэ зи хьэлъагъхэр зыхэт гупым щызауэ ныбжьыщIэм япэщIыкIэ къыпэщIэтащ Дон Iус Ростов къалэм щыщ Петров Кирилл, ауэ зэIущIэм хухаха зэманыр и кIэм нимыгъэсу абы текIуащ. Апхуэдэ дыдэуи Хьэщыкъуейм хигъэщIащ Дагъыстэным къикIа Темирбулатов Рэмэзани. ИужькIэ, кIэух зэхьэзэхуэм, Руслан щыхуэзащ и хьэрхуэрэгъу нэхъ лъэщхэм ящыщ прохладнэдэс Саксадаев Аюкэ икIи ар очкоитIкIэ къытекIуащ.

Хьэщыкъуей Руслан и тренерыр Унэжокъуэ Абдельджэбарщ.

Балигъхэм ирагъэкIуэкIа зэIущIэхэм япэ увыпIэхэр къыщызыхьахэм УФ-м спортымкIэ и мастерым и мардэр ягъэзэщIащ.

**КЪАНШЫУЕЙ Алим.**




**Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ШИРДИЙ Маринэ**

**РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:**
**Жыласэ Заурбэч** *(редактор нэхъыщхьэ)*, **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

**ТЕЛЕФОНХЭР:**
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.489
Заказыр №2610
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

**МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:**
*жэуап зыхь секретарь* **Къаншокъуэ Эллэ**, *корректорхэу* **Елмэс ФатIимэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*.
*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**
*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.